

Evalyasyon Pwòp Tèt Ou sou Ekspozisyon ak Plon pou Adilt

Plon se yon metal danjere ki ka fè moun nenpòt laj mal. Ou ka gen anpwazònman ak plon san ou pa sanble oswa santi ou malad. Kesyon sa yo ka ede ou konnen si ou ka ekspoze ak plon.

Èske ou menm oswa yon moun ou ap viv avèk li gen yon travay oswa yon aktivite ki gen rapò ak travay ak plon? Egzanp yo gen ladan:

- Konstriksyon oswa renovasyon ansyen bilding, pon oswa tinèl
- Sèvi ak zouti elektrik sou metal ki gen plon ladan
- Netwaye zòn ki gen plon
- Resikle batri, aparèy elektwonik oswa feray
- Restorasyon oswa reparasyon machin, bato, aparèy elektwonik, oswa objè ansyen, ki gen ladan mèb
- Fè oswa tire bal ki gen plon ladan
- Fè potri, bijou, oswa vitray lè w sèvi ak penti oswa glas ki gen plon

Wi:

Non:

Pandan travay oswa aktivite lwazi:

- Pa ni manje, ni bwè ni fimen nan zòn travay la.
- Lave men ou ak figi ou avèk savon anvan ou manje, bwè oswa fimen.
- Mete rad pwoteksyon ak yon respiratè ki byen ajiste.
- Sèvi ak pratik travay san danje epi ak metòd netwayaj mouye pou redui pousyè.
- Sèvi ak materyèl altènatif san plon pou aktivite lwazi yo lè sa posib.
- Lave men ou epi pran douch apre travay oswa aktivite lwazi yo.
- Chanje rad ak soulye travay ou anvan ou antre nan machin ou oswa ale lakay ou pou evite “pote plon lakay ou”.
- Lave rad travay yo yon fason separe ak lòt rad nan kay la.

Èske w ap viv nan yon kay ansyen oswa nan yon bilding kote renovasyon ap fèt ki kreye pousyè?

Penti ki gen plon te itilize nan kay ak bilding ki te konstwi anvan 1960. Pousyè plon ki danjere ka fòme lè ansyen penti a deranje.

Wi:

Non:

- Lave planche, rebò fenèt, ak lòt sifas andedan kay la souvan.
- Anboche travayè sètifye lè w ap repare danje penti ki gen plon oswa lè w ap fè reparasyon ki deranje penti ki gen plon.
- Pa janm grate ni sable penti abaz plon pandan li sèch nan travay renovasyon yo.
- Kenbe timoun yo lwen penti ki dekale oswa ki domaje.
- Rapòte pratik travay ki fèt yon fason danjere bay pwopriyetè kay ou a. Rele **311** si yo pa regle pwoblèm nan oswa si ou panse reparasyon an ap fèt yon fason ki lakoz danje.

Èske ou itilize pwodwi ki soti andeyò Etazini, tankou epis, remèd sante, pwodui kosmetik, poud relijye, oswa istansil kwizin an seramik oswa an metal?

Gen kèk pwodui konsomatè ki soti toupatou nan mond lan ki ka gen plon ladan yo.

Wi: Non:

Evite itilize pwodui moun konnen ki genyen plon yo. Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwodui ou dwe evite, ale sou nyc.gov/hazardousproducts.

Èske ou manje, moulen, oswa mete nan bouch ou nenpòt bagay ki pa manje, tankou ajil, tè, potri kraze, oswa moso penti?

Manje oswa mete nan bouch ou bagay ki pa manje (yo rele sa pica) ka ekspoze ou ak plon.

Wi: Non:

Evite manje, moulen, oswa mete nan bouch ou bagay ki pa manje.

Èske ou te janm blese pa bal?

Bal anjeneral gen plon ladan yo. Fragman bal ki rete nan kò ou ka lakòz nivo plon nan san ki wo.

Wi: Non:

Di doktè ou si ou te janm gen yon blezi ak bal oswa si gen bal nan kò ou, epi mande pou fè yon tès plon nan san.

Èske ou menm oswa yon moun ou ap viv avè li te janm gen yon nivo plon nan san ki wo?

Yon nivo plon nan san ki wo pou ou oswa pou yon moun nan kay la ka endike yon ekspozisyon komen ak plon.

Wi: Non:

Pale ak doktè ou sou fè yon tès plon nan san pou ou ak moun ki nan kay la.

Èske ou vwayaje souvan pou antre ak soti Ozetazini?

Vwayaj resan ale retou nan peyi kote règleman sou plon yo mwens sevè ka ogmante risk ekspozisyon ak plon.

Wi: Non:

Pale ak doktè w konsènan vwayaj resan ou. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou kijan pou evite anpwazònman ak plon, ale sou nyc.gov/lead ak nyc.gov/hazardousproducts.

Si ou reponn wi pou nenpòt nan kesyon sa yo, mande doktè w la pou w fè yon tès plon. Pou w jwenn yon doktè, rele **311** oswa ale sou nyc.gov/healthcoverage. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou plon, ale sou nyc.gov/lead.

